**दिन– बुधवार** **दिनांक–09.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे चलि रहल विशेष गहन पुनरीक्षण कार्यक्रमक अंतर्गत एखन धरि तीन करोड़ सत्तरि लाख सँ बेसी गणना प्रपत्र एकत्र कयल गेल अछि। निर्वाचन आयोगक अनुसार ई संख्या कुल मतदाता के छियालीस दशमलव नओ पाँच प्रतिशत अछि। आयोग जनौलक जे बीएलओ, बीएलए आ स्वयंसेवक लोकनिक सहयोग आ ऑनलाईन माध्यम सँ गणना प्रपत्र भरबा आ जमा करबाक काज ओ विशेष गहन पुनरीक्ष्ण कार्यक्रम सुचारू रूपें चलि रहल अछि।

---

मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक विरोध मे महागठबंधन द्वारा आयोजित बिहार बंदक मिलल–जुलल असरि देखबाक लेल भेटल। पटना मे बिहार बंद मे कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी सम्मिलित भेलाह। हुनक संग राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव, सीपीआई के महासचिव डी. राजा, भाकपा–मालेक महासचिव दीपंकर भट्टाचार्य आ निर्दलीय सांसद पप्पू यादव सेहो सम्मिलित भेलाह। ई सभ इनकम टैक्स गोलंबर सँ प्रदर्शन करैत चुनाव आयोगक ऑफिसक लेल निकललाह मुदा सचिवालय थाना लऽग हिनका सभ के रोकि लेल गेल। श्री गांधी कहलनि जे चुनाव आयोग संवैधानिक हितक रक्षा करबा मे विफल रहल अछि। ओ जनौलनि जे मतदाता पुनरीक्षणक नाम पर गरीब आ वंचित सभक नाम मतदाता सूची सँ हटेबाक षडयंत्र चलि रहल अछि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे मतदाता पुनरीक्षणक नाम पर वोटर लिस्ट सँ गरीब लोक सभक नाम हटेबाक तैयारी चलि रहल अछि।

सीपीआई महासचिव डी राजा कहलनि जे चुनाव आयोगक पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ महागठबंधनक चिंता सभ पर ध्यान देबाक चाही। एम्हर हमर संवाददाता जनौलनि जे बिहार बंद मे राजद, कांग्रेस, विकासशील इंसान पार्टी, आ वामपंथी दल सम्मिलित भेल।

———————————————————————————

एनडीएक घटक दल सभ महागठबंधन द्वारा आयोजित बिहार बंद के पूरा तरहें विफल जनौलक अछि। भारतीय जनता पार्टी महागठबंधन पर संवैधानिक संस्थाक अपमान करबाक आरोप लगौलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय प्रवक्ता आ सांसद रविशंकर प्रसाद कहलनि जे निर्वाचन आयोग संवैधानिक प्रावधानक अनुसार मतदाता सूची सभक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान चला रहल अछि। ओ जनौलनि जे जखन एहि मामिला के लऽकऽ सुप्रीम कोर्ट मे काल्हि सुनवाई होबऽवला अछि तखन एहेन स्थिति मे बिहार बंद आ चक्का जामक कोनो औचित्य नहि छल। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे कांग्रेसक नेता राहुल गांधी कँ बिहारक समस्या सभ सँ कोनो लेनाई–देनाई नहि अछि। ओ जनौलनि जे बिहारक लोक पुनरीक्षण अभियान पक्ष मे छथि। जदयू प्रवक्ता नीरज कुमार कहलनि जे महागठबंधनक घटक दल सभ मतदाता सूची मे मतदाता लोकनिक नामक दोहरीकरणक मुद्दा उठौने छलाह। आइ वैह दल सभ मतदाता सूचीक पुनरीक्षण के राजनीतिक एजेंडा बना रहल छथि।

———————————————————————————

केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्यमंत्री कमलेश पासवान कहलनि जे सरकार प्रधानमंत्री ग्राम सड़क कें योजनाक चारिम चरण आरंभ करय जा रहल अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे एहि चरणक अंतर्गत देशभरि मे पैंतालीस हजार किलोमीटर सड़क निर्माण कयल जायत। एहि पर छिहत्तरि हजार करोड़ टाका खर्च होयत। एहि सँ पहिने केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्यमंत्री पटना मे मनरेगा आ प्रधानमंत्री–आवास–योजना–ग्रामीण सहित केन्द्र सरकारक विभिन्न योजनाक प्रगतिक उच्चस्तरीय समीक्षा कयलनि।

———————————————————————————

केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो, सीबीआई चारा घोटाला सँ जुड़ल एक मामिला मे सजायाफ्ता राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद के सजाए बढ़ेबाक मांग के लऽकऽ झारखंड उच्च न्यायालय मे याचिका दायर कयलक अछि। याचिका मे लालू प्रसाद के संग–संग बेक जूलियस आ सुधीर कुमार भट्टाचार्य के सजाए बढ़ाओल जयबाक मांग कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

पंचायती राज संस्था आ ग्राम कचहरीक रिक्त चारि सय तीन पद कें लेल आइ कड़गर सुरक्षा व्यवस्थाक मध्य मतदान संपन्न भऽ गेल। हमर संवाददाता जनौलनि जे कतहुं सँ कोनो अप्रिय घटनाक खबरि नहि अछि।

———————————————————————————————

कटिहार जिलाक डंडखोरा रेलवे स्टेशन लऽग उदयपुर–कामाख्या कविगुरू एक्सप्रेसक कतेको डिब्बा पटरी सँ उतरि गेल। एहि कारणे एहि रेलमार्ग पर कतेको घंटा धरि ट्रेनक परिचालन प्रभावित भेल।

———————————————————————————————

अररिया जिलाक जोगबनी थाना क्षेत्र सँ एसएसबीक टीम वाहन चेकिंगक दरमियान भारी मात्रा मे कोडिनयुक्त सीरप आ नशायुक्त दवाई के संग तीन तस्कर के गिरफतार कयलक अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल।